



29 me 2020

Chè fanmi,

Mèsi dèske ou pèmèt nou kontinye bay resous pou pitit ou a nan Sant Rejyonal pou Ranfòsman (Regional Enrichment Centers, REC) nou an Depatman sante ak ijyèn mantal Vil Nouyòk (Depatman sante DOHMH) ak Depatman edikasyon (DOE) kontinye travay ansanm pou kenbe elèv, fanmi ak manm estaf ansekirite, ansante ak enfòmè pandan epidemi viris coronavirus (COVID-19 la ap evolye. Sante ak sekirite kominote nou yo rete pi gwo priyòrite nou, epi nou pral kontinye bay konsèy ak pran tout mezi apwopriye pou kenbe elèv, fanmi, ak manm pèsònèl nou yo an sekirite.

Sa genyen de semèn, nou te pataje enfòmasyon avèk ou konsènan Sendwòm enflamatwa milti-sistèm pedyatric (Pediatric Multi-System Inflammatory Syndrome), oswa PMIS, yon maladi ki ka menase lavi timoun. Semèn pase, DOHMH fè nou konnen non maladi sa a rele kounye a Sendwòm Enflamatwa Miltisistèm nan Timoun (Multisystem Inflammatory Syndrome in Children, MIS-C). Konsèy DOHMH te bay yo rete ann efè epi nou priye ou pou ale nan nyc.gov/health nenpòt lè pou jwenn enfòmasyon enpòtan sa a ki gen rapò avèk MIS-C. La, w ap jwenn tou [Fèy enfòmasyon](#) MIS-C yo te mete semèn pase a ak nouvo vèsyon nan plizyè lang [la a](#).

Malgre MIS-C se yon kondisyon ki ra epi ki pa kontajye, li ka menase lavi. Li enpòtan pou konnen siy ak sentòm MIS-C, ki gen ladan gwo lafyèv pèsistan ki dire plizyè jou ansanm avèk:

- Iritabilite oswa mank enèji
- Vant fè mal san lòt eksplikasyon
- Dyare
- Vomisman
- Gratèl
- Konjonktivit, oswa je dradran
- Gwo gland yon bò kou
- Bouch wouj, krake oswa lang wouj ki sanble yon frèz
- Men ak pye anfle ki ka wouj tou

Nou pral kontinye pran prekosyon pou anpeche pitit ou a ekspozè nan COVID-19 pandan li nan yon lokal REC. Lokal REC ou an ap kontinye bay bagay pou chak timoun ki nan pwogram lan kouvri figi, epi tout timoun ap kontinye gen obligasyon pou yo kouvri figi yo pandan yo nan lokal la. Elèv ak anplwaye ap kontinye pratike bon ijyèn men ak distans fizik tou. Anplwaye yo pral kontinye anseye ak ranfòse abitud sa yo pou tout moun.



**Department of Health
& Mental Hygiene**

**Department of
Education**

Timoun ki gen kondisyon medikal kwonik kapab nan pi gwo risk pou viktim COVID-19 epi yo ta dwe pran swen espesyal pou respekte mezi prevansyon yo. Si pitit ou a gen lafyèv, tanpri rele doktè ou. Tanpri asire ou sonje tout sentòm pitit ou a prezante paske doktè w la pral itilize enfòmasyon an pou rekòmande pwochen etap pou pran. Si pitit ou a malad grav, tanpri ale nan saldjans ki pi pre w la oswa rele 911 imedyatman.

Tanpri ale sou nyc.gov/health nan nenpòt moman pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou MIS-C, epi kontakte 311 si w gen nenpòt kesyon. Tanpri kontakte sipèvizè lokal REC ou a si w gen nenpòt kesyon oswa si w gen nenpòt enkyetid.

Avèk senserite,

Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon

Oxiris Barbot, MD
Komisè
Depatman Sante ak Ijyèn Mantal